

## **DISKRIMINASYON / ARASMAN**

Se règ Komisyon Konsèy Lekòl la pou yo trete tout elèv e anplwaye avèk respè. Komisyon Konsèy Lekòl la reyèlman eseye ofri yon anviwònman travay e edikasyonèl ki pa gen diskriminasyon ak arasman (ki gen ladan arasman seksyèl), jan lalwa mande l. Atravè règ sa a, Komisyon Konsèy Lekòl la etabli entansyon li pou ofri aksè, opòtinite, ak tretman egal bay elèv ki nan pwovizyon pwogram ak aktivite edikasyonèl pou aplikan e anplwaye nan tout aspè anplwa. Komisyon Konsèy Lekòl la PAP tolere denigreman, entimidasyon, tretman agresif, vyolans, oubyen konpòtman fizik oubyen vèbal kont yon elèv oubyen anplwaye ki reflekte ras li, orijin etnik oubyen nasyonal, sèks oubyen nenpòt nan kategori yo dekri anba yo.

### **Règ Komisyon Konsèy Lekòl la Kouvri Kategori Pwoteje K ap Suiv yo:**

**LAJ** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz laj li.

**KONDISYON SITWAYÈNTE** - Kategori sa a anpeche yo refize anplwa e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz kondisyon sitwayènte oubyen kondisyon imigrasyon yon moun.

**KOULÈ** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz koulè po li. Diskriminasyon koulè ka rive anndan menm ras la; pa egzanp yon moun ki pi fonsè ka diskrimine kont yon moun ki pi klè.

**ANDIKAP** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz moun nan genyen, oubyen yo panse li genyen yon andikap pèmanan ki trè limite oubyen anpeche yon gwo aktivite lavi; pa egzanp: mache, wè, tande, pale, chita, oubyen kanpe.

**ORIJIN ETNIK/NASYONAL** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz kote zansèt moun nan sot; oubyen akòz moun nan genyen karakteristik fizik, kiltirèl oubyen lengwistik yon gwoup patikilye.

**SÈKS** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz sèks li.

**IDANTITE SEKSYÈL** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz idantite ki gen rapò ak sèks, aparans, ekspresyon oubyen konpòtman li, kèlkeswa sèks li te genyen lè ti te fèt.

**"GENETIC INFORMATION (GINA)" (ENFÒMASYON JENETIK)** - Kategori sa a entèdi yo refize anplwa egal e/oubyen arasman akòz enfòmasyon jenetik yon moun; li asire yo pa trete moun diferanman akòz enfòmasyon jenetik.

**PREFERANS LENGWISTIK** - Kategori sa a entèdi yo bay yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz lang li pale.

**KONDISYON MARITAL** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz kondisyon marital li; sètadi, selibatè, marye, vèf, oubyen divòse.

**IDEYOLOJI POLITIK** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz sipò e/oubyen afilyasyon li oubyen li pa manm yon pati politik an patikilye.

**GWOSÈS** - Kategori sa a anpeche yo refize fi ki ansent travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl.

**RAS** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz ras li. Senk kategori yo rekonèt federalman yo se Endyen Ameriken oubyen Natif Alaska, Azyatik, Nwa oubyen Afriken Ameriken, Awayen oubyen lòt moun ki sot nan Zile Pasifik, ak Blan. Moun ki sot nan ras melanje pa bezwen pwouve eritaj egzak yo pou yo ka afime yo diskrimine kont yo sou baz ras. Konsa tou, kategori sa a kouvri moun y ap diskrimine kont yo akòz yo marye avèk moun ki diferan ras ak yo.

**RELIJYON** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz li sensè ak kwayans relijye li.

**SÈKS** - Kategori sa a entèdi yo refize anplwa egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz yon moun se fi oubyen gason.

**ORYANTASYON SEKSYÈL** - Kategori sa a entèdi yo refize anplwa egal e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz yon moun se oubyen yo pèsevwa li kòm yon madivinez, masisi, bi-seksyèl, oubyen etewoseksyèl.

**ISTWA SOSYAL AK FAMILYAL** - Kategori sa a entèdi yo refize yon moun travay e/oubyen opòtinite edikasyonèl akòz istwa sosyo-ekonomik, familyal e/oubyen istwa edikasyonèl li.

### **Yo PAP Tolere Arasman Seksyèl.**

AMANDMAN 1972 "TILE IX" SOU EDIKASYON ENTÈDI ARASMAN SEKSYÈL KI GEN LADAN: AVANS SEKSYÈL ENDEZIRAB; DEMAND POU FAVÈ SEKSYÈL; AK LÒT KONPÒTMAN VÈBAL OUBYEN FIZIK KI GEN RAPÒ AK SÈKS, LÈ:

- Soumèt yon moun a yon tèl konpòtman, swa ouvèlman oswa endirèkteman, se yon demand oubyen kondisyon pou anplwa oubyen patisipasyon nan yon pwogram edikasyonèl;
- Soumèt yon moun oubyen rejè moun nan pou tèl konpòtman sèvi kòm yon baz pou anplwa oubyen desizyon edikasyonèl ki afekte moun sa a; oubyen
- Objektif yon tèl konpòtman afekte oubyen entèfere san rezon avèk travay oubyen pèfòmans akademik yon moun oubyen kreye yon anviwònman travay oubyen edikasyonèl ki entimidan, agresif oubyen ofansif. Konduit seksyèl endezirab vèbal oubyen fizik dwe swa sevè oswa konsiderab.

### **LALWA ENTÈDI VANJANS KONT YON ELÈV OUBYEN YON ANPLWAYE KI POTE YO PLENT**

Vanjans fèt lè yon anplwaye pran yon move aksyon kont yon anplwaye paske li angaje li nan yon aktivite ki pwoteje, tankou plenyen sou diskriminasyon oubyen menase pou fè yon akizasyon diskriminasyon. Yon anplwaye pa ka pote yon plent pou fè vanjans amwenske li fè yon akizasyon diskriminasyon, li te patisipe nan yon envestigasyon oubyen li te opoze yon pratik anplwa ki ilegal.

**Pou plis enfòmasyon sou Title IX oubyen nenpòt lòt enkyetid sou diskriminasyon/arasman kontakte:**

**Office of Civil Rights Compliance (CRC)**  
Executive Director/Title IX Coordinator  
155 N.E. 15 Street, Suite P104E  
Miami, Florida 33132  
Telefòn: (305) 995-1580 TDD: (305) 995-2400  
Lèt Elektwonik: [crc@dadeschools.net](mailto:crc@dadeschools.net)  
Sit Entènèt: <http://crc.dadeschools.net>

**Pou plis Enfòmasyon sou Seksyon 504 Akò  
Reyabilitasyon 1973 oubyen sou nenpòt lòt enkyetid sou  
andikap elèv kontakte:**

**Division of Exceptional Student Education**  
504 Coordinator  
1501 N.E. 2nd Avenue, Suite 409  
Miami, Florida 33132  
Telefòn: (305) 995-2037 TDD: (305) 995-2400  
Lèt Elektwonik: [ese@dadeschools.net](mailto:ese@dadeschools.net)  
Sit Entènèt: <http://ese.dadeschools.net>